

# Premye vaksen yo y ap bay bebe w la

## Bagay ou bezwen konnen

Many Vaccine Information Statements are available in Spanish and other languages. See [www.immunize.org/vis](http://www.immunize.org/vis)

Anpil bilten enfòmasyon sou vaksen yo disponib an kreyòl ayisyen ak lòt lang. Al gade nan [www.immunize.org/vis](http://www.immunize.org/vis)

Bebe w la ap pran vaksen sa yo jodi a :

- DTaP       Polyo  
 Hib       PCV13  
 Epatit B

(Moun k ap bay vaksen yo : Tcheke bwat ki apropiye yo.)

### 1 Poukisa pou yo pran vaksen an ?

Vaksen sa yo ka pwoteje bebe w la kont 7 maladi timoun konn genyen:

#### 1. Difteri

**Pami siy ak sentòm** yo ou ka jwenn yon kouch pwès nan dèye gòj la ki ka fè l difisil pou timoun nan respire.

**Difteri ka lakoz** pwoblèm respirasyon, paralizi ak ensifizans kadyak.

- Apeprè 15.000 moun te konn mouri chak ane nan peyi Etazini akoz difteri anvan te gen vaksen kont li.

#### 2. Tetanòs (machwè bloke)

**Pami siy ak sentòm** yo ou ka jwenn dabitid tout vyann kò a vin rèd.

**Tetanòs ka lakoz** machwè bloke ki ka fè l difisil pou moun nan ouvri bouch li oswa vale.

- Tetanòs touye 1 sou chak 5 moun ki genyen l.

#### 3. Koklich (tous k ap kriye sou kòf lestomak)

**Pami siy ak sentòm** yo ou ka jwenn kèk epizòd tous vyolan ki ka fè l difisil pou yon tibebe manje, bwè oswa respire. Epizòd tous sa yo ka dire plizyè semèn.

**Koklich ka lakoz** nemoni, kriz, domaj nan sèvo oswa lanmò.

#### 4. Hib ( Haemophilus influenzae tip b)

**Pami siy ak sentòm** yo ou ka jwenn lafyè, maltèt, kou rèd, ak souf kout. Nan ka Hib ki pa grav yo, yo ka remake okenn siy oswa sentòm.

**Hib ka lakoz** menenjit (enfeksyon nan sèvo ak kouvèti kòd kolòn vètebral la); nemoni; enfeksyon san, jwenti yo, zo yo, ak kouvèti kè a; domaj nan sèvo; ak fè moun soud.

- Anvan te gen vaksen an, maladi Hib la se te pi gwo koz menenjit bakteryen lakay timoun ki pako gen 5 an nan peyi Etazini.

#### 5. Epatit B

**Pami siy ak sentòm** yo ou ka jwenn fatig, dyare ak vomisman, lajonis (po ak je moun nan vin jòn), ak doule nan vyann kò a, nan jwenti yo ak nan vant. Men dabitid ou ka pa remake okenn siy ak sentòm ditou.

**Epatit B ka lakoz** domaj nan fwa ak kansè nan fwa. Kèk moun devlope enfeksyon epatit B kwonik (ki dire lontan) Moun sa yo gen dwa pa sanble yo malad oswa yo ka pa santi yo malad, men yo ka enfekte lòt moun.

- Epatit B ka lakoz domaj nan fwa a kansè lakay 1 sou chak 5 timoun ki gen enfeksyon epatit B kwonik.

#### 6. Polyo

**Pami siy ak sentòm** yo ou ka jwenn yon maladi ki sanble ak vye grip la (flu) oswa yo ka pa remake okenn siy ak sentòm ditou.

**Polyo ka lakoz** paralizi pèmanan (moun nan pa ka fè mouvman ak yon bra oswa yon janm, oswa kèkfwa li pa ka respire) ak lanmò.

- Nan ane 1950 yo, polyo te paralize plis pase 15.000 moun chak ane nan peyi Etazini.

#### 7. Maladi nemokòk

**Pami siy ak sentòm** yo ou ka jwenn lafyè, frison, tous ak doule nan kòf lestomak.

**Maladi nemokòk la ka lakoz** menenjit (enfeksyon nan sèvo ak nan kouvèti kòd kolòn vètebral la), enfeksyon nan san, enfeksyon nan zòrèy, nemoni, fè moun soud ak domaj nan sèvo.

Kounye a, yo rankontre maladi sa yo mwen souvan pase lontan. Men jèm ki lakoz maladi sa yo toujou la, epi menm yon maladi ki te prèske disparèt ka retounen si nou sispann bay vaksen yo. Sa deja rive nan kèk pati nan mond la. **Lè mwens tibebe pran vaksen yo, plis tibebe malad.**

Dabitid se lòt timoun oswa granmoun ki pa menm konnen si yo enfekte ki bay tibebe yo maladi sa yo. Yon manman ki gen **epatit B** ka enfekte tibebe l la lè l ap akouche a. **Tetanòs** antre nan kò a atravè yon kote kò w koupe oswa blese; yon moun pa ka bay yon lòt moun li.



U.S. Department of  
Health and Human Services  
Centers for Disease  
Control and Prevention

Vaksen sa yo ka pwoteje bebe w la kont 7 maladi timoun konn genyen:

Vaksen	Kantite dòz	Laj yo rekòmande yo	Lòt enfòmasyon
DTaP (difteri, tetanòs, koklich)	5	2 mwa, 4 mwa, 6 mwa, 15-18 mwa, 4-6 an	Kèk timoun pa dwe pran vaksen pou koklich la. Timoun sa yo ka pran yon vaksen yo rele DT (difteri ak tetanòs).
Epatit B	3	fèk fèt, 1-2 mwa, 6-18 mwa	
Polyo	4	2 mwa, 4 mwa, 6-18 mwa, 4-6 an	Yo ka rekòmande pou yo bay timoun yo yon dòz adisyonèl polyo lè yo pral nan kèk peyi.
Hib ( <i>Haemophilus influenzae</i> tip b)	3 or 4	2 mwa, 4 mwa, (6 mwa), 12-15 mwa	Gen plizyè vaksen Hib. Gen youn ladan yo, dòz 6 mwa a pa nesesè.
PCV13 (nemokòk)	4	2 mwa, 4 mwa, 6 mwa, 12-15 mwa	Timoun ki pi gran ki gen kèk maladi ka bezwen pran vaksen sa tou.

Moun k ap ba w swen lasante a ka ofri kèk nan vaksen sa yo kòm **vaksen konbine** - plizyè vaksen nan yon sèl piki. Vaksen konbine yo gen otan sekirite ak efikasite ak grenn vaksen separe yo e sa ka fè yo bay bebe w la mwens piki.

## 2 Kèk timoun pa dwe pran kèk vaksen

Pifò timoun ka pran tout vaksen sa yo san pwoblèm. Men gen kèk eksepsyon:

- Yo ka mande yon timoun ki malad jou yo ta pral ba l vaksen yo pou l retounen vin pran yo yon lòt lè.
- Nenpòt timoun ki te gen yon reyaksyon alèjik ki te menase lavi l apre l te fin pran yon vaksen pa dwe pran yon lòt dòz vaksen sa a.

Yon timoun ki gen alèji grav (ki menase lavi l) ak yon pwodui pa dwe pran yon vaksen ki gen pwodui sa ladan l. Kèk nan vaksen sa yo gen neomycin, streptomycin, leven, laktoz, sikwoz oswa latèks.

***Fè doktè w la konnen si pitit ou a gen nenpòt alèji grav oswa si l te janm gen yon reyaksyon alèji grav apre l te fin pran nenpòt vaksen.***

***Pale avèk doktè w la anvan pitit ou a pran...***

...vaksen DTap (difteri, tetanòs ak koklich), si pitit ou a te janm gen nenpòt nan reyaksyon sa yo apre l te pran yon dòz DTap:

- Yon maladi nan sèvo oswa nan sistèm nève l yo nan entèval 7 jou,
- Kriye san rete pandan 3 èdtan oswa plis pase sa,
- Yon kriz oswa l tonbe san konnesans,
- Yon lafyèv ki pi wo pase 105°F.

...vaksen polyo, si pitit ou a te gen yon alèji grav ak antibyotik neomycin, streptomycin oswa polymyxin B.

...vaksen epatit B, si pitit ou a te gen yon alèji grav ak leven.

...vaksen PCV13, si pitit ou a te gen yon alèji grav ak leven, oswa te janm gen yon reyaksyon alèjik grav apre l te fin pran yon dòz DTap (oswa lòt vaksen ki gen toksoyid difteri), oswa apre yon dòz PCV7, ak vaksen nemokòk anvan sa.

## 3 Risk pou moun fè reyaksyon a vaksen an

Vaksen yo, menm jan ak medikaman yo, ka gen efè segondè.

Pifò reyaksyon ak vaksen yo **pa grav**. Reyaksyon sa yo ka : yon ti doulè, po a wouj oswa l anfle kote yo te pran vaksen an; oswa yon ti lafyèv. Reyaksyon sa yo fèt enpe apre yo te fin pran vaksen an epi yo pase nan entèval youn oswa de jou. Yo rive jiska nan mwaye kantite vaksinasyon yo, tou depan de vaksen an.

Se sèlman ti reyaksyon sa yo yo konn jwenn lè yo bay vaksen **polyo, epatit B** ak **Hib**.

Yo jwenn kèk pwoblèm adisyonèl nan kèk lòt vaksen yo bay timoun:

### Vaksen DTap

**Ti pwoblèm:** Fè rechya (jiska 1 sou 3 timoun); fatig oswa mank apeti (jiska 1 sou 10 timoun); vomisman (jiska 1 sou 50 timoun); anflamasyon nan tout bra a oswa nan tout janm nan pandan 1-7 jou (jiska 1 sou 30 timoun) - dabitid apre 4 èm oswa 5 èm dòz la.

**Pwoblèm modere:** Kriz (1 timoun sou 14.000); kriye san rete pou 3 èdtan oswa plis (jiska 1 sou 1.000 timoun); lafyèv pi wo pase 105°F (1 timoun sou 16.000).

**Pwoblèm grav:** Yo rapòte apre vaksinasyon DTap la, gen timoun ki gen kriz ki rete pandan lontan, ki antre nan koma, ki mwens eveye ak ki gen domaj nan sèvo. Rapò sa yo ra.

## Vaksen nemokòk

**Ti pwoblèm:** Tèt lou oswa pèt apeti tanporè (apeprè 1 sou chak 2 oswa 3 timoun); fè rechiya (apeprè 8 sou 10 timoun).

**Pwoblèm modere:** Lafyèw pi wo pase 102.2°F (apeprè 1 sou 20 timoun).

### Pwoblèm ki ka rive apre w pran nenpòt vaksen:

- Ou ka dekonpoze pou yon tan tou kout. Sa ka rive apre nenpòt pwosedi medikal, menm apre yon vaksinasyon. Chita oswa kouche pou apeprè 15 minit ka ede w prevni dekonpozisyon ak chòk ou te ka pran si w tonbe.
- Trè raman apre yon vaksinasyon, ou ka gen gwo doulè nan zepòl ak ou pa ka fè tout mouvman ou te konn fè ak bra w kote yo te ba w piki a.
- Li ra anpil pou yon moun fè reyaksyon alèjik grav apre yon vaksen. Yo estime reyaksyon alèjik grav yo ka rive nan pi piti pase 1 sou yon milyon dòz. Si youn ta rive, dabitid l ap fèt nan entèval kèk minit a kèk èdtan apre vaksinasyon an.

Menm jan ak nenpòt medikaman, gen yon ti chans tou piti pou yon vaksen lakoz yon domaj grav oswa lanmò.

Yo toujou ap siveye pou moun pran vaksen yo an tout sekirite. Pou plis enfòmasyon: [www.cdc.gov/vaccinesafety/](http://www.cdc.gov/vaccinesafety/)

## 4 E si reyaksyon an grav ?

### Kisa m dwe chache ?

- Chache nenpòt bagay ki enkyete w tankou siy reyaksyon alèjik grav, gwo gwo lafyèw oswa chanjman nan konpòtman.

Pami siy reyaksyon alèjik grav yo genyen : chofi, anflamasyon nan figi ak gòj, difikilte pou respire, batman kè rapid, tèt vire ak feblès. Dabitid yo ta ka kòmanse nan kèk minit jiska kèk èdtan apre vaksinasyon an.

### Kisa m dwe fè ?

- Si w panse se yon reyaksyon alèjik grav oswa lòt ijans ki pa ka ret tann, rele 9-1-1 oswa mennen moun nan nan lopital ki pi pre a. Otreman, rele doktè w.
- Apre sa, yo dwe rapòte reyaksyon an bay Sistèm pou Rapòte Efè Segondè Vaksen (yo rele l an anglè VAERS). Doktè w la dwe voye rapò sa ale oswa ou ka fè l poukont ou atravè sit entènèt VAERS la nan [www.vaers.hhs.gov](http://www.vaers.hhs.gov), oswa w ka rele **1-800-822-7967**.

*VAERS pa bay konsèy medikal.*

## 5

### Pwogram Nasyonal Konpansasyon pou Domaj Vaksen Lakoz

Pwogram Nasyonal Konpansasyon pou Domaj Vaksen Lakoz (yo rele l an anglè VICP) se yon pwogram yo te kreye pou konpanse moun ki viktim akòz efè kèk vaksen fè sou yo.

Moun ki kwè yo te viktim akòz efè yon vaksen ka enfòme yo sou pwogram nan ak sou kijan yo fè yon demand pou konpansasyon lè yo rele **1-800-338-2382** oswa vizite sit entènèt VICP a nan

**[www.hrsa.gov/vaccinecompensation](http://www.hrsa.gov/vaccinecompensation)**.

Gen yon delè pou ranpli demand pou konpansasyon an.

## 6

### Kijan m ka apran plis ?

- Poze doktè w la kesyon.
- Rele depatman lasante nan lokalite w la oswa nan eta a.
- Kontakte Sant yo pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (CDC) :
  - Rele: **1-800-232-4636 (1-800-CDC-INFO)**
  - Al nan sit entènèt CDC a nan [www.cdc.gov/vaccines](http://www.cdc.gov/vaccines) oswa [www.cdc.gov/hepatitis](http://www.cdc.gov/hepatitis)

### Vaccine Information Statement (Interim)

10/22/2014

Multi-Vaccine  
Haitian Creole

Office Use Only



42 U.S.C. § 300aa-26